



OFFICE OF
SCHOOL HEALTH

NEW YORK CITY DEPARTMENT OF
HEALTH AND MENTAL HYGIENE
Michelle Morse, MD, MPH
Interim Commissioner

NEW YORK CITY DEPARTMENT OF
EDUCATION
Melissa Aviles-Ramos
Chancellor

Dat: _____

Chè paran oswa responsab:

Tanpri sonje nou te jwenn pitit ou a gen pou nan tèt. Jeneralman timoun lekòl konn gen pou nan tèt. Pou pa vle di se mank pwòpte epi nenpòt moun ka genyen l. Pou pa bay enfeksyon ni li pa mete sante moun andanje.

W ap jwenn nan lèt sa a “Reyalite sou pou nan tèt” ak “Konsèy pou fanmi sou fason pou retire pou nan tèt” pou ede w trete pitit ou a byen vit.

Lekòl Vil Nouyòk gen yon regleman ki di “pou pa ladan” ki vle di:

- Nenpòt elèv ki gen pou nan tèt pa gen dwa vin lekòl jiskaske li fin trete.
- Apre tretman an, y ap pèmèt yon timoun retounen lekòl **sèlman** si tèt li pa gen pou ankò. Lè elèv la retounen lekòl, reprezantan direktè a ap egzamine tèt ankò.
- Reprezantan direktè a ap reegzamine elèv ki fin trete yo sou 14 jou(oswa jou lekòl ki pi pre a si 14yèm jou a tonbe nan wiken oswa nan jou fèt.
- Y ap ranvwaye elèv yo jwenn ki gen pou apre yo fin reegzamine yo jiskaske yo pa gen pou ankò.

Nou rekòmande pou w verifye tèt tout moun nan kay la pou wè si yo pa gen pou epi trete yo si sa nesesè. Nou rekòmande tou pou fè pitit ou a sonje pou li pa pataje bagay pèsonèl tankou bwòs, peny oswa chapo ak lòt elèv.

Si w gen lòt kesyon, tanpri al wè doktè w oswa kontakte enfimyè lekòl la nan

_____.